

Politik Èd finansyè

Objektif

Politik Èd finansyè sa a dekri sèvis èd finansyè ak konsèy finansye ki kapab disponib pou pasyan Sosyete Lopital pou Timoun (Children's Hospital Corporation) sou non Boston Children's Hospital ("Lopital" la) ki kalifye ak Fondasyon Doktè li yo ("Fondasyon" yo) ki resevwa sèvis nan diferan sit Lopital la oswa nan diferan sit Fondasyon an kote yo bay sipò administratif ak pèsonèl nan Lopital la, ansanm ak pwosesis pou chache sèvis Èd finansyè ak konsèy finansye. Yon lis pratik Lopital la ak Fondasyon an, lokal ak lòt sit kote yo bay Sèvis Ijans ak Sèvis ki Nesesè Medikalman èd finansyè disponib pou yo nan kad Politik Èd finansyè sa a ki disponib jan nou dekri li nan Politik Èd finansyè sa a. Politik sa a pa aplike ak Boston Children's Health Solutions, Rx, LLC ki ap fè biznis sou non Boston Children's Pharmacy oswa ak nenpòt medikaman Boston Children's Pharmacy distribiye.

Deklarasyon Politik Jeneral

1. Lopital la ak Fondasyon yo pran angajman pou yo sèvi resous pou timoun ki bezwen swen, kèlkeswa kapasite yo pou peye.
2. Politik sa a aplike pou tout Sèvis Ijans (nou defini pi ba a) ak lòt Sèvis ki Nesesè Medikalman (nou defini pi ba a) Lopital la ak Fondasyon yo bay. Pwosedi estetik fakiltatif pa fè pati Sèvis Ijans ak lòt Sèvis ki Nesesè Medikalman.
3. Lopital la ap bay tout pasyan Sèvis Ijans, san diskriminasyon epi san pran kalifikasyon pasyan an pou èd an kont nan Politik Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans. Lopital la entèdi tout mannèv ki ta dekouraje moun chache swen medikal ijan, tankou mande pasyan ki nan Depatman Ijans peye anvan yo resevwa tretman pou Pwoblèm Medikal Ijan oswa pèmèt aktivite rekouvremant ki entèfere ak dispozisyon, san diskriminasyon, Sèvis Ijans lan.
4. Lopital la ak Fondasyon yo, apati inite Konsèy Finansye Lopital la, ap ede pasyan/Garan (nou defini pi ba a) ak pwosesis ranpli demann pou Pwogram Swen pou Sante Piblik ki disponib tankou MassHealth ak lòt pwogram Medicaid, ConnectorCare ak Health Safety Net, tank sa posib.
5. Lopital la ak Fondasyon yo kapab bay pasyan ki reponn a kritè kalifikasyon yo èd finansyè, jan nou dekri li pi ba a nan Politik Èd finansyè sa a.

6. Lopital la ak Fondasyon yo ap (a) evite fè manèv pou ranmase lajan pou Sèvis Ijans ak Sèvis ki Nesesè Medikalman (nou defini pi ba a) nan men pasyan mezi rekouvremant nan kad Politik Kredi ak Rekouvremant Lopital la pa konsène (b) ranbouse tout rekouvremant yo resevwa nan men pasyan sa yo pou Sèvis Ijans ak Sèvis ki Nesesè Medikalman; epi (c) pataje enfòmasyon ant yo menm konsènan asirans pasyan yo ak kalifikasyon yo pou pwogram piblik oswa pwogram Lopital.

Tout dwa rezève

7. Lopital la ak Fondasyon yo kapab elaji kad rabè a apa sa ki disponib yo nan Politik Èd finansyè yo a, ka pa ka, pou yo kapab konsidere ka eprèv finansye espesyal, an konfòmite ak Politik Kredi ak Rekouvremant sa a ak Politik Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans yo a.
8. Fondasyon yo kapab etabli politik rabè anplis ki konsène pasyan ki resevwa sèvis yon Fondasyon nan yon sit ki pa afilye ak Lopital la (paregzanp, pasyan sistèm enfòmasyon Lopital la pa pwograme sèvis yo).
9. Si yon pasyan pa respekte pwosedi nou dekri nan dokiman sa a, Lopital la oswa Fondasyon yo kapab retade oswa refize bay Èd finansyè.

Definisyon

Montan Nou Takse Jeneralman (Amounts Generally Billed (AGB)): Jeneralman montan nou fè moun ki benefisyè Plan Sante Prive (jan nou defini li pi ba a) oswa ki gen pwogram asirans Medicaid oswa Medicare yo peye pou Sèvis Ijans oswa Sèvis ki Nesesè Medikalman. Nou ap itilize "Metòd Retwospeksyon" an pou kalkile AGB a selon dispozisyon 26 CFR Seksyon 1.50(r)-5(b)(3)(ii)(C) a, epi jan nou dekri li an detay nan Politik Èd finansyè sa a, nan Seksyon k ititre "Limitasyon Frè".

Sèvis Ijans: Sèvis ki Nesesè Medikalman nou bay aprè manifestasyon yon pwoblèm medikal, fizik oswa mantal, ki vini sou fòm sentòm ki grav ase, tankou gwo doulè, ki pou ta fè, selon bon rezònman, ou atann ou yon pwofàn ki pridan ki gen ti konesans nan sante ak medsin atann li absans swen medikal rapid ka mete sante moun nan oswa sante yon lòt moun an danje yon fason ki grav, li kapab deteryore fonksyon kòporèl moun nan yon fason ki grav oswa pwovoke yon disfonksyonman grav nan tout ògàn kò li oswa nan yon pati nan ògàn kò li oswa, si se yon fi ki ansent, jan nou defini li an detay nan Seksyon 42 USC 1395dd(e)(1)(B).

Rekòmandasyon Federal sou Povvrete (Federal Poverty Guidelines (FPG)): Limit revni Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Ameriken (United States Department of Health and Human Services) pibliye.

Garan: Yon moun oswa yon gwoup moun, tankou paran yon pasyan, responsab legal li ak lòt manm fanmi li, pou nou site yo menm sèlman, ki reponn pou peye tout frè sèvis Lopital la oswa Fondasyon yo oswa peye yon pati nan frè yo.

Responsabilite Finansye Pasyan ki sou Asirans: Tout kotizasyon, kowasirans ak franchiz pasyan/Garan an dwe peye nan kad kondisyon Plan Sante Prive oswa

Pwogram Èd pou Swen Sante Piblik (nou defini pi ba a) pasyan enskri ladan an oswa kalifye pou li a.

Revni Brit Ajiste Modifye (Modified Adjusted Gross Income (MAGI))

MassHealth: Revni Brit Ajiste Modifye nou itilize pou detèmine kalifikasyon pou MassHealth, tankou, peryòd aplikab pou mezire revni MAGI pou detèmine kalifikasyon pou MassHealth, pou nou site sa sèlman.

Sèvis ki Nesesè Medikalman: Sèvis lojikman ki ta dwe fè prevansyon, fè dyagnostik, anpeche kondisyon ou agrave, soulaje, korije oswa geri maladi ki mete lavi ou an danje, ki bay soufrans oswa doulè, ki bay defòmasyon oswa disfonsyonman fizik, ki menase bay yon andikap oswa agrave li, oswa bay yon maladi oswa enfimite.

Sèvis Asirans pa Garanti: Sèvis Asirans pa Garanti se sèvis (a) ki pa fè pati sèvis avantaj/kalifye asirans garanti nan kad Plan Sante Prive pasyan an oswa Pwogram Èd pou Swen Sante Piblik, epi ki se sèvis kote pasyan an gen responsabilite pou peye pwofesyonèl ki ofri sèvis sa yo; (b) ki fè pati sèvis avantaj/kalifye asirans garanti men nou bay yo aprè pasyan an fin itilize tout avantaj Plan Sante Prive oswa Pwogram Èd pou Swen Sante Piblik li a; oswa (c) sèvis yon pwofesyonèl ki pa nan rezo Plan Sante Prive pasyan an oswa Pwogram Èd pou Swen Sante Piblik bay. Sèvis Ijans pa fè pati Sèvis Asirans Pa Garanti.

Lòt Finansman: Se lòt resous ak sous finansman pasyan/Garan an genyen, ki a dispozisyon li oswa ki nan avantaj li, yo kapab itilize pou peye swen pasyan, ni apati òganizasyon byenfezans, paran, zanmi oswa lòt moun, ak fon fidisyè (tankou fon ki disponib nan finansman "crowdfunding" ak lòt metòd pou kolekte fon ki sanblab), pou site yo menm sèlman.

Zòn Sèvis Prensipal: Massachusetts, Connecticut, Maine, New Hampshire, Rhode Island, Vermont ak New York, eksepte zòn metwopolitèn New York la.

Plan Sante Prive: Pwoteksyon pou sèvis swen sante nou bay nan asirans sante, plan sante oswa yon lòt pwoteksyon nan tout lòt plan, fon oswa fidisi sante, byennèt oswa lòt, nou etabli pou peye oswa regle sèvis swen sante nou bay moun ki enskri nan asirans, plan oswa pwogram sa a oswa ki kalifye pou yo, yon fason kèlkonk.

Pwogram Èd pou Swen Sante Piblik: Pwogram yon eta oswa gouvènman federal etabli pou peye oswa regle pèman sèvis swen sante pwoteje/kalifye nou bay moun ki reponn a kritè kalifikasyon pou pwogram. Pwogram Èd pou Swen Sante Piblik se MassHealth, Health Safety Net, plan sibvansyone Lwa sou Swen Abòdab (Affordable Care Act) ofri, tankou plan ConnectorCare, Pwogram Asirans Sante pou Timoun (Children's Health Insurance Program (CHIP)), lòt pwogram Medicaid ak Medicare.

Kritè Kalifikasyon pou Èd finansyè

Jeneralman, pou pasyan benefisye èd finansyè nan kab Politik Èd finansyè sa a, yo dwe reponn a kritè kalifikasyon sa yo:

1. Sèvis li ap resevwa a dwe Sèvis ki Nesesè Medikalman;
2. Pasyan an dwe rezide nan Zòn Sèvis Prensipal Lopital la;

3. Revni MAGI MassHealth pasyan an pa kapab depase 400% FPG pou kantite moun k ap viv nan kay la;
4. Pasyan/Garan an pa gen Lòt Finansman disponib pou peye Sèvis ki Nesesè Medikalman;
5. Pasyan/Garan an dwe rankontre Konseye Finansye Lopital la pou detèmine si pasyan an kapab enskri nan nenpòt pwoteksyon Plan Sante Prive oswa Pwogram Èd pou Swen Sante Piblik oswa si li kalifye pou sa.
6. Si Konseye Finansye Lopital la decide pou pasyan/Garan an kalifye pou èd finansyè, li dwe aplike pou pwoteksyon oswa pwogram sa a epi bay dokiman obligatwa yo pou li kalifye pou pwoteksyon oswa pwogram sa a, oswa voye dokiman yo bay Konseye Finansye Lopital la ki ap verifiye aplikasyon enskripsyon an epi dokiman ki pou kalifye li yo te al jwenn Plan Sante Prive, ajans gouvènman apwopriye yo, ak lòt antite ki konsène;
7. Pasyan an pa enskri/kalifye pou pwoteksyon sa a oswa yo detèmine li pa kalifye li oswa pou tout pwoteksyon konsa, epi/oswa li pa t anile pwoteksyon /enskripsyon/kalifikasyon an pandan peryòd swasant (60) jou ki pase yo; epi
8. Pasyan/Garan an dwe ranpli Aplikasyon pou Èd finansyè Lopital la epi soumèt li epi bay Konseye Finansye Lopital la tout dokiman aplikasyon sa a egzije.

Si pasyan an enskri nan pwoteksyon Plan Sante Prive oswa nenpòt Pwogram Èd pou Swen Sante Piblik oswa li kalifye pou yo, èd finansyè a pa disponib pou redui montan li dwe pou okenn Sèvis Asirans Pa Garanti yon pasyan resevwa; a kondisyon, èd finansyè a kapab disponib pou sèvis yo konsidere Lopital la oswa Fondasyon yo pa nan rezo pou yo nan kad pwoteksyon Plan Sante Prive pasyan an oswa selon nenpòt Pwogram Èd pou Swen Sante Piblik, men se sèlman si Lopital la ak/oswa Fondasyon an detèmine, selon ka a, pa gen pwofesyonèl swen nan rezo pou plan/pwogram sante pasyan an ki kapab bay swen espesyalize li bezwen pou trete pwoblèm medikal pasyan an.

Èd finansyè pa disponib nonplis pou redui montan Responsabilite Finansye pou Pasyan ki Pa sou Asirans yon pasyan benefisyè. Men, si pasyan an t ap kalifye pou èd finansyè nan ka kontrè nan kondisyon Politik Èd finansyè sa a, desizyon pi ba yo konsènan Montan nou Takse Jeneralman (Amounts Generally Billed, AGB) ap aplike pou Responsabilite Finansye Pasyan ki sou Asirans pasyan an.

Disponibilite Èd finansyè

Si yo detèmine yon pasyan ranpli kritè kalifikasyon pou jwenn èd finansyè nan kad kondisyon Politik Èd finansyè sa a, èd finansyè a kapab disponib pou redui depans pou Sèvis Ijans ak lòt Sèvis ki Nesesè Medikalman, selon Revni MAGI MassHealth pasyan an. Rabè sa a ap aplike pou depans Sèvis Ijans ak lòt Sèvis ki Nesesè Medikalman, selon Revni MAGI MassHealth pasyan an; depi èd finansyè sa a ak rediksyon sa a pa aplike pou: (a) okenn Plan Sante Prive oswa lòt pèman lòt peyè fè, tankou, men pa sa sèlman, nan kad Pwogram Èd pou Swen Sante Piblik; (b) kantite total nenpòt epi tout Responsabilite Finansye Pasyan ki sou Asirans; (c) èd gouvènman; (d) pèman reklamasyon dedomajman; ak (e) nenpòt epi tout Lòt

Finansman disponib pou pasyan/Garan, tankou pèman òganizasyon byenfezans, sous finansman kolektif, kontribisyon fanmi, zanmi oswa lòt moun, eksetera:

Revni MAGI MassHealth	Rabè sou Frè brit
0%-200% FPG	100%
>400% FPG	0%*

*Yon Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans kapab disponib, nan Politik Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans Lopital ak Fondasyon yo, si pasyan an pa sou asirans.

Konsèy Finansye

1. Lopital la, atravè Konseye Finansye li yo, ap ede pasyan Lopital la ak Fondasyon yo, ak Garan yo a, nan pwosesis pou ranpli aplikasyon pou pwogram Èd finansyè Lopital la; pou pwoteksyon Plan Sante Prive; ak/oswa pou Pwogram Èd pou Swen Sante Piblik.
2. Nou ap ofri pasyan sa yo sèvis Konsèy Finansye: nenpòt pasyan ki (a) anrejistre nan sistèm pwogram Lopital la ak nan sistèm enskripsyon an kòm moun ki pa sou asirans; ak (b) nenpòt pasyan ki ap chache èd finansyè.
 - Pèsonèl Lopital la ak Fondasyon an ki responsab pou pwogram, enskripsyon, ak bòdwo la ap enfòmè pasyan sa yo ak/oswa Garan yo a sou fason yo kapab jwenn Sèvis Konsèy Finansye.
 - Li ap plase afich oswa li ap pran lòt mezi ki byen kalkile pou atire atansyon vizitè yon fason ki vizib nan divès kote nan Lopital la, tankou nan zòn ospitalizasyon, klinik ak admisyon/enskripsyon, pou nou site sa yo sèlman.
 - Bòdwo pasyan pou Lopital la ak Fondasyon yo ap gen yon avi sou disponiblite Sèvis Konsèy Finansye yo ak fason pou ou jwenn aksè nan sèvis sa yo.
3. Pèsonèl Konsèy Finansye a ap ede pasyan yo ak/oswa Garan yo nan:
 - Aplike oswa reyaplike pou pwoteksyon Plan Sante Prive, Pwogram Èd pou Swen Sante Piblik yo, ak/oswa lòt pwogram èd finansyè ki disponib.
 - Idantifye epi rekòmande pasyan bay lòt sous ak resous pou pwoteksyon/èd finansyè.
 - Konprann Politik Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans Lopital la ak Fondasyon yo ak fason pou ou mande rabè sa yo.
 - Jwenn kontak Depatman Bòdwo Lopital ak Fondasyon.

Konseye Finansye Lopital la disponib tou pou ede moun ki pa pasyan Lopital la oswa Fondasyon yo ki aplike pou pwogram piblik la.

Pwosedir Èd finansyè

1. Nou ap refere yon Pasyan/Garan ki pa sou asirans oswa ki ap chache èd finansyè bay yon Konseye Finansye Lopital la pou detèmine disponibilite/kalifikasyon pou pwoteksyon Plan Sante Prive; pou Pwogram Èd pou Swen Sante Piblik yo; oswa pou pwogram èd finansyè Lopital la.
2. Pasyan ki pa kalifye pou Pwogram Èd pou Swen Sante Piblik yo oswa pwoteksyon Plan Sante Prive, kapab aplike pou èd finansyè lè yo ranpli Aplikasyon pou Èd finansyè Lopital la epi bay tout enfòmasyon, dokiman, ak verifikasyon nou dekri nan Aplikasyon pou Èd finansyè a. Ou ap kapab telechaje Aplikasyon pou Èd finansyè a ki disponib sou sitwèb Lopital la epi ki disponib pa lapòs oswa an pèsòn tou. Ou ap jwenn detay sou fason pou ou jwenn yon kopi Aplikasyon pou Èd finansyè a nan seksyon Politik Èd finansyè sa a ki titre "Piblikasyon/Disponibilite Politik Rabè pou Pasyan Ki Pa sou Asirans lan, Politik Kredi ak Rekouvremant an, ak Kalkil Montan nou Takse Jeneralman." Aplikasyon pou Èd finansyè a gen machasuiv pou ou ranpli li.
3. Nan kèk sikontans, Lopital kapab konsidere enskripsyon yon pasyan nan yon Pwogram Èd pou Swen Sante Piblik sou kondisyon resous konfime pa sipozisyon kalifikasyon pasyan an pou èd finansyè pou tout sèvis èd finansyè kapab disponib pou yo nan kad Politik Èd finansyè sa a.
4. Nou ap kolekte enfòmasyon bay yon Direktè Sèvis Finansye pou Pasyan yo desiyen pou detèmine disponibilite èd finansyè oswa kalifikasyon pou sa nan kad kondisyon Politik Èd finansyè sa a.
5. Pèsònèl Sèvis Finansye Pasyan an ap ekri Pasyan/Garan ki apwouve pou resevwa èd finansyè yo pou enfòmasyon yo.
6. Detèminasyon kalifikasyon yo ap rete ann aplikasyon pou yon peryòd 12 mwa apre dat detèminasyon an, epi li ap aplike pou tout lòt sèvis èd finansyè kapab disponib pou yo nan kad Politik Èd finansyè sa a, sof si Lopital la deside pasyan vin enskri nan/kalifye pou Plan Sante Prive oswa pwoteksyon, oswa pou yon Pwogram Èd pou Swen Sante Piblik.
7. Nou ap ajiste kont yo ak rabè èd finansyè a ni pou Fondasyon ki aplikab la ni pou Lopital la. Rabè a ap aplike aou frè brit.
8. Pasyan/Garan yo kapab resevwa èd pou yo konprann Politik Èd finansyè a epi pou ranpli Aplikasyon pou Èd finansyè a lè yo rele Konseye Finansye yo nan (617) 355-7201 epi/oswa lè yo mande èd an pèsòn oswa pa lapòs apati Divizyon Konsèy Finansye Depatman Sèvis Finansye Pasyan nan Boston Children's Hospital, 300 Longwood Avenue, Boston, MA, 02115, Farley Building sal 160.

Limitasyon Frè

1. Nenpòt pasyan ki kalifye pou èd finansyè nan kad Politik Èd finansyè sa a p ap gen pou li peye plis pase AGB pasyan ki sou asirans yo pou Sèvis Ijans ak lòt Sèvis ki Nesesè Medikalman Lopital la bay. Pou tout lòt sèvis, Politik Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans Lopital la kapab aplike.
2. Lopital la ap kalkile AGB a lè li itilize Metòd "Retwospeksyon" an. Chak ane fiskal,

Lopital la ap detèmine yon sèl pousantaj AGB y ap kalkile jan Kalkil Montan nou Takse Jeneralman an (Amounts Generally Billed Calculation, ("AGB Calculation")) dekri li a, dapre dispozisyon 26 CFR Seksyon 1.501(r)-5(b)(3)(ii)(C) a.

Pasyan Aksyon Rekouvremant Pa Konsèn

An konfòmite ak Politik Kredi ak Rekouvremant Lopital la ak Fondasyon yo, yo egzante kèk pasyan konsènan mezi rekouvremant. Nou dekri pasyan Lopital la egzante konsènan mezi rekouvremant, ak aksyon Lopital la kapab fè yo si pasyan yo pa ta peye nan Politik Kredi ak Rekouvremant an.

Piblikasyon/Disponibilite Politik Èd finansyè a Politik Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans lan, Politik Kredi ak Rekouvremant an, ak Kalkil Montan nou Takse Jeneralman.

1. Pasyan, Garan ak lòt manm piblik la kapab jwenn yon kopi Politik Èd finansyè a, Politik Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans, Politik Kredi ak Rekouvremant an, ak Kalkil Montan nou Takse Jeneralman gratis apati nenpòt nan metòd sa yo:
 - a. Piblikasyon sou Entènèt: Politik Èd finansyè Lopital la ak Fondasyon yo ak yon Rezime Politik Èd finansyè nan Langaj Senp disponib anliy sou: www.childrenshospital.org/financialassistance.
 - b. An Pèsòn: Kopi (i) Politik Èd finansyè a ak yon Rezime nan Langaj Senp, (ii) Montan nou Takse Jeneralman, (iii) Politik Kredi ak Rekouvremant an, ak (iv) Politik Rabè pou Pasyan Ki Pa sou Asirans lan Lopital la ak Fondasyon yo disponib sou fòm papye nan etablisman Lopital la ki twouve li nan 300 Longwood Avenue, Boston, MA, Farley Building sal 160.
 - c. Pa Lapòs: Piblik la kapab mande resevwa yon kopi pa lapòs lè yo rele Sèvis Kliyantèl pou Sèvis Finansye pou Pasyan nan (617)-355-3397 ak/oswa Konsèy Finansye Pasyan nan 617-355-7201.
2. Tradiksyon Politik Èd finansyè sa a, Rezime Politik Èd finansyè nan Langaj Senp lan, Aplikasyon pou Èd finansyè a, Politik Kredi ak Rekouvremant an, Politik Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans lan ak Kalkil Montan nou Takse Jeneralman an nan lang etranje disponib nan plizyè lang pou ede moun ki gen konesans limite nan anglè.
3. Kominikasyon Souplas: Lopital la ap fè efò pou li kominike disponibilite èd finansyè ak lòt rabè apati plizyè metòd.
 - a. Li ap mete afich nan zòn admisyon yo konsènan disponibilite èd finansyè a.
 - b. Li ap plase afich oswa li ap pran lòt mezi ki byen kalkile pou attire atansyon vizitè yon fason ki vizib nan divès kote nan Lopital la, tankou nan zòn ospitalizasyon, klinik ak admisyon/enskrripsyon, pou nou site sa yo sèlman.
 - c. Li ap ofri tout pasyan kopi Politik la ak/oswa rezime nan langaj senp lan nan moman admisyon oswa nan kad pwosesis egzemat la.

Dokiman, Politik ak Pwogram Siplemanchè/Konèks

1. Rezime Politik Èd finansyè nan Langaj Senp
2. Aplikasyon pou Èd finansyè
3. Lis Pwofesyonèl ki ap ay Sèvis Ijans ak Lòt Sèvis ki Pa Nesesè Medikalman
4. Kalkil Montan nou Takse Jeneralman
5. Politik Kredi ak Rekouvreman
6. Politik Rabè pou Pasyan ki Pa sou Asirans
7. Pwogram Èd finansyè pou Pasyan Entènasyonal

Atribisyon Dokiman an

Tit	Politik Èd finansyè		
Otè	Thomas Pellegriti, Direktè Konfòmite pou Reglemantasyon Fiskal ak Finansye	Dat Li Antre ann Aplikasyon	9/30/2016
Revize/ Enstans ki Revize li	Vis Prezidan Sèvis Finansye pou Pasyan, Boston Children's Hospital Direktè Finansye, Boston Children's Hospital Vis Prezidan Prensipal ak Avoka Jeneral, Boston Children's Hospital	Dat Revizyon/ Revize:	12/7/2021 12/10/2021
Apwouve	12/20/2021	Effective Date	1/1/2022
Konsèy Administrasyon Boston Children's Hospital			